

**Bryant C. Freeman, Ph.D.**

# **TI KOZE KREYÒL**


## **A Haitian-Creole Conversation Manual**



**Institute of Haitian Studies  
University of Kansas  
Lawrence**

**Edisyon Bon Nouvèl  
Pòtoprens**

# Kat Dayiti



# **Ti Koze Kreyòl**



## Other books by or edited by Bryant Freeman

- Carrié Paultre, *Tonton Liben: Annotated Edition for Speakers of English*, ed. Bryant C. Freeman. 1982, 2001.
- Lyonel Desmarattes, *Mouché Défas*, ed. Bryant C. Freeman. 1983, 1984.
- L[odewijk] F[rederik] Peleman, *Gesproken Taal van Haïti met Verbeteringen en Aanvullingen / Ti Diksyonnè Kréyòl-Nélandè ak yon ti Dégi*, rev. ed. Bryant C. Freeman. 1984, 1986.
- Bryant C. Freeman, *Chita Pa Bay: Elementary Readings in Haitian Creole, with Illustrated Dictionary*. 1984, 1990, 2004.
- Pierre Vernet ak Bryant C. Freeman, *Diksyonè Ôtograf Kreyòl Ayisyen*. 1988, 1997.
- Bryant C. Freeman, *Dictionnaire inverse de la Langue créole haïtienne / Diksyonè lanvè Lang kreyòl ayisyen an*. 1989.
- Pierre Vernet et Bryant C. Freeman, *Dictionnaire préliminaire des Fréquences de la Langue créole haïtienne*. 1989.
- Bryant C. Freeman, *Survival Haitian*. 1990, 1991, 1992, 1999, 2002.
- Bryant C. Freeman, *Survivre en Créole*. 1990, 1997.
- Bryant C. Freeman, *Überleben auf Kreolisch*. 1990.
- Bryant C. Freeman, *Haitian-English English-Haitian Medical Dictionary, with Glossary of Food and Drink*. 1992, 1997, 1999, 2004.
- Bryant C. Freeman and Jowel Laguerre, *Haitian-English Dictionary*. 1996, 1998, 2000, 2002, 2004.
- Bryant C. Freeman, *Haitian Creole for Peace Support*. 1997.
- Bryant C. Freeman, *Créole Haïtien pour le Soutien de la Paix*. 1997.
- Bryant C. Freeman, *Haitian-English Medical Phraseology for Doctors, Dentists, Nurses, and Paramedics - with seven accompanying tapes*. 1997, 2003.
- Bryant C. Freeman, *Third-World Folk Beliefs and Practices: Haitian Medical Anthropology*. 1998, 2001.
- James G. Leyburn, *The Haitian People*, ed. Bryant C. Freeman. 1998, 2004.
- Jan Mapou, *Anba Mapou a*, ed. Bryant C. Freeman. 1999.
- John Bunyan, *Traka yon Kreyen pandan Vwayaj li*. Tr. Carrié Paultre, ed. Jim D. Ross ak Bryant C. Freeman. 2000, 2001.
- Jim D. Ross ak Bryant C. Freeman, *Konkòdans Bib la: Ansyen ak Nouvo Kontra*. 2000.
- Jan Wobè Kadè, *Restavèk*. Tr. Iv Dejan. Pref. ak ed. Bryant C. Freeman. 2000.
- Bryant C. Freeman, ed., *Wonn Refleksyon: Liv 1*. 2000.
- Bryant C. Freeman, ed., *Wonn Refleksyon: Liv 2*. 2001.

- Carrié Paultre, *Lerison*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross. 2001.
- Carrié Paultre, *Amarant*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross. 2001.
- Carrié Paultre, *Mànwela*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Ti Jak ak Kote wout la ye?*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Woman Labadi: Si m te Konnen*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Se Konnen ki fè*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Depi nan Ginen*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Nikola, Moun Senmak*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Lavalas pa ka pote l ale*, ed. Bryant C. Freeman. 2001.
- Carrié Paultre, *Andeyò Lakay te pi bon*. ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross, 2001.
- Bryant C. Freeman, *Sobrevivir en Criollo*. 2002.
- Carrié Paultre, *Wòch nan Solèy: Annotated Edition for Speakers of English*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross. 2000, 2002.
- Franketyèn, *Pèlentèt: Nouvo Vesyon*, ed. Bryant C. Freeman, 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Twa Sekrè???* 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Kijan pou m jwenn Kòb?* 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Youn pou Bondye Youn pou Dyab*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Tijo ak Tig la*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Nan Chemen Dyab yo*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Yon Tòti k ap Chante*. 2002.
- Michelle Etnire, *Haiti: The Orphan Chronicles*, ed. Bryant C. Freeman, 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Maryaj Malis Twoukoku*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Ti Chenn Lò a*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Yon Pwason ki rele Tezen*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Epi Bondye kreye premye Fi a*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Yon Lwijanboje*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Yon ti Pye Zoranj*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Yon Kontra ak Ledyab*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Kèk ti Blag: Yon Pye Kòb*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Fòklò natifnatal peyi Dayiti, Liv 1: Yon Sèvyèt, youn Bourik, epi youn Baton - ak 57 lòt Kont ayisyen*. 2002.
- Bryant C. Freeman, ed. *Fòklò natifnatal peyi Dayiti, Liv 2: Twa Chèlbe - ak 88 lòt Kont ayisyen*. 2002.
- Beudelaine Pierre, *Testaman: Woman*, ed. Bryant C. Freeman. 2003.
- Bryant C. Freeman et al, *English-Haitian Dictionary*. 2007.

**And others**

**Bryant C. Freeman, Ph.D.**  
**Director**  
**Institute of Haitian Studies**

# **Ti Koze Kreyòl**

## **A Haitian-Creole Conversation Manual**

**With the collaboration of  
Jowel Laguerre, Ph.D.**

**Revised Edition**



**Institute of Haitian Studies  
University of Kansas  
Lawrence**

**Edisyon Bon Nouvèl  
Pòtoprens  
2007**

Copyright © 1987, 1994, 2004, 2007 by Bryant C.  
Freeman



## Table of Contents / Sa ki nan Liv la

Introduction.....	9
Koze 1 Kreyòl Ayisyen!.....	11
Koze 2 Poukisa? .....	15
Koze 3 “Lanmou, Toujou Lanmou!”.....	18
Koze 4 Yon Ti Gout Kafe .....	21
Koze 5 Nan Restoran “Kiyè Sal”.....	25
Koze 6 Jalouzi .....	29
Koze 7 Mwen renmen ou!.....	33
Koze 8 Nan Avyon an .....	37
Koze 9 Yo Rive!.....	41
Koze 10 Nan Lotèl la.....	45
Koze 11 Bò Pisin lan .....	49
Koze 12 Nan Sèvis Vodou a .....	53
Koze 13 Kay Nasis.....	59
Koze 14 Nan Mache Fè a .....	64
Koze 15 Fè jis pri .....	68
Koze 16 Ann al wè tout bagay .....	73
Koze 17 Ann al Okap! .....	77
Koze 18 Sitadèl .....	81
Koze 19 Babay.....	86
<b>Ti Koze Pa Ou—”Do-It-Yourself” Conversations . . .</b>	<b>90</b>
1. Fanmi mwen .....	91
2. Kisa ou ap fè pandan vakans ou? / Kisa ou te fè pandan vakans ou?.....	92
3. Maten.....	93
4. Sa m konn fè chak jou nan senmenn lan .....	94
5. Aswè.....	96
6. Rad mwen mete jòdi a .....	97
7. Sa m renmen manje ak bwè .....	99
8. Sa m ap etidye kounyeya / Sa m ta vle etidye pita.....	102

**paj wit**

<b>9. Sa mwen ta vle fè nan lavi m.....</b>	<b>104</b>
<b>10. Machin pa m.....</b>	<b>107</b>
<b>Kèk lòt koze nou ta ka fè .....</b>	<b>108</b>
<b>Historic Haitian Names .....</b>	<b>109</b>
<b>Haitian-English Glossary .....</b>	<b>117</b>

## Introduction

*Ti Koze Kreyòl* is the tongue-in-cheek account of a generic John and Mary, or the story of boy meets girl (in Haitian Creole class!), and of their honeymoon adventures and misadventures across the Haitian scene. Mary is quite bright; John—although always with the best of intentions—is not. The first seven Conversations evolve in a scene familiar to the student, with repeated use of the terms of basic Haitian (e.g., **ale, kounyeya, wè**). Beginning with the eighth Conversation, the vocabulary of travel (e.g., **avyon, lotèl, malèt**) is introduced, and from this point on we have an informal travelogue on Haiti. The vocabulary widens to include more specific terms such as **bòs, machann, pyas, and pye kokoye**. The proverbial Haitian hospitality, Port-au-Prince, the Iron Market, the beaches, Cape Haitian, Sans-Souci palace, the Citadelle, all pass in review. In addition, we touch upon two basic subjects of which any student of Haiti should have at least some knowledge: foods, and Voodoo. In all, slightly over 1,000 words and expressions are used which will, we hope, give the beginning student greater ease with the language.

Besides these nineteen “prepared” Conversations, there are ten increasingly detailed outlines for free-form “Do-It-Yourself” Conversations, with topical vocabulary check-lists. Some fifteen other general subjects are suggested as well. As familiarity with the language increases, these outlines and subjects can also be used for written themes.

The Notes following each Conversation (indicated by an \*) are intended to highlight unfamiliar expressions, or to explain certain grammatical and linguistic problems. The section containing Historic Haitian Names attempts to provide a mini-guide to Haiti and its history, with names thus listed indicated by italics in the Conversations. The Haitian-English Glossary contains English equivalents for all Haitian terms occurring in the Conversations, Notes and Questions, as well

## **paj dis**

as in the short introductions preceding each “Do-It-Yourself” Conversation. The English-Haitian vocabularies of these embryonic Conversations, however, are not duplicated in the Glossary.

This text has been used successfully at the University of Kansas with classes which have completed the first basics of grammar and reading. It is intended as a lively corollary to further studies not only in the language but also in Haitian culture and literature.

Special thanks are due Jowel Laguerre, who prepared Conversation 13 on Haitian foods as well as the introductions to the “Do-It-Yourself” Conversations, while serving as a constant advisor. Additional thanks are extended to Marie Dieuvela César and to **Bon Nouvèl**’s inspiring director, Henk Kaal, both of whom made many invaluable suggestions. I wish to express appreciation to my wife, Stephanie Freeman, who sketched the amusing cartoons which help so much to set the tone for the texts. Finally, this most recent edition was set into type thanks to the patience and expertise of Gwen Claassen.

**Kenbe, pa lage! N a wè.**

Lawrence, Kansas  
September 2007

Bryant C. Freeman

**Tapes of the nineteen Conversations are available from Oread Books at the University of Kansas (tel.: 785-864-4431; [www.kubookstore.com](http://www.kubookstore.com)).**


## Koze Youn (1): Kreyòl Ayisyen!

*Yon gason kontre ak yon fi.*

- Jan:** Bonjou, madmwazèl! Kijan ou ye?
- Mari:** M la,\* grasa Dye.
- Jan:** Ou se yon elèv isit la?\*
- Mari:** Men wi. E ou menm, ou se yon elèv tou? 5
- Jan:** Men wi. M ap etidye\* kreyòl ayisyen!
- Mari:** Kreyòl ayisyen! Men poukisa yon moun ta\* vle etidye sa?
- Jan:** M ap etidye l paske li enteresan. Epi m ta vle ale an Ayiti yon jou. 10
- Mari:** Ayiti? Ki kote li ye?
- Jan:** Li kote Kiba.\* Men ou poko di m: kijan ou rele?
- Mari:** M rele Mari.
- Jan:** Mwen menm, m rele Jan. Se ki kote ou rete, Mari? 15
- Mari:** Mwen rete bò isit la.\*
- Jan:** Kisa sa vle di, “bò isit la”?
- Mari:** Sa vle di m pa vle di ou kote m rete!
- Jan:** O! o! poukisa ou mechan avè\* m konsa! . . . 20  
E ou menm, Mari, kisa ou ap etidye?
- Mari:** Kreyòl ayisyen. Babay.
- Jan:** Mezanmi! Ala yon bèl ti dam!

## Koze Youn (1): Nòt

3. **M la** literally, “I’m there” (or: “I survived another day”), i.e., “I’m OK.” Many of the usual replies to the greetings “**Kijan ou ye?**” or “**Kouman ou ye?**” are inherently pessimistic: “**M pa pi mal**” (“I’m no worse”), “**M ap kenbe toujou**” (“I’m still holding on,” “I’m hanging in there”). Remember the role of the 18th-century slave community in the formation of what has become the Haitian language.
4. **isit la** literally, “here there,” but the **la** in this expression is used simply to give somewhat greater emphasis to **isit**.
6. **M ap etidye** “I am studying.” **ap** is the present progressive indicator, equivalent to the English ending “-ing.”
7. **ta** “would,” the conditional indicator.
12. **kote Kiba** “in the direction of Cuba,” or “near Cuba.”
17. **bò isit la** literally, “near here there,” i.e., “around here,” “in these parts.”
20. The word for “with” has three forms: **avèk**, **avè**, and **ak**.




## Koze Youn (1): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Kijan ou ye, madanm/madmwazèl/msye?
2. Ou se yon elèv isit la?
3. Ou se yon bon elèv?
4. Ou ap etidye kreyòl ayisyen?
5. Men poukisa ou vle etidye lang sa a?
6. Ou pale franse?
7. Ou pale angle?
8. Ou ta vle ale an Ayiti yon jou?
9. Ki kote Ayiti ye?
10. Kijan ou rele?
11. Se ki kote ou rete?
12. Èske ou dakò di tout moun ki kote ou rete?
13. Èske ou mechan?
14. Èske ou toujou janti ak tout moun?
15. Poukisa?

**Babay!**



*Mwen se yon fanatik nètale!*



## Koze De (2): Poukisa?

- Jan:** O! o! se ou! Kijan ou ye jòdi a, Mari?
- Mari:** M pa pi mal,\* Dye mèsì. E ou menm?
- Jan:** Mwen menm? M ap boule piti piti!\* Ki kote ou prale kounyeya, Mari?
- Mari:** Mwen prale nan klas kreyòl. 5
- Jan:** Nan klas kreyòl?! Mwen menm tou, se la m prale. M kab\* ale ansanm ak ou?
- Mari:** Si ou vle.
- Jan:** O wi! Men Mari, ou poko di m poukisa ou ap aprann kreyòl. 10
- Mari:** Se paske yon jou mwen ta renmen al wè yon peyi ki diferan. Si m vle byen konnen peyi sa a, se pou m pale\* lang li. Pou moun Ozetazini, Ayiti pa twò lwen. Se yon bèl peyi ki kab aprann nou anpil bagay. 15
- Jan:** Mari, ou se yon moun ki entelijan anpil! Kibò ou aprann tout kalite\* bèl bagay sa yo?
- Mari:** Men monchè, petèt se paske m fè anpil lekti! E ou menm, Jan, ou renmen li?\*
- Jan:** Men wi, machè! Mwen se yon fanatik nètale! 20  
Mwen li anpil anpil!
- Mari:** Se byen sa . . .\* Nou rive. Mèt la la\* deja.
- Jan:** M kab ba\* ou woulib\* lè nou lage?
- Mari:** Yon lòt fwa, monchè. Jòdi a, lè nou lage, m ap prese. 25

## Koze De (2): Nòt

2. **M pa pi mal** literally, “I’m no worse,” i.e., “I’m OK.” Cf. Conversation 1, Note 3.
3. **M ap boule piti piti** literally, “I’m burning little by little,” i.e., “I can’t complain,” “I’m getting along.”
7. **kab** “can.” This auxiliary verb has four forms: **kapab**, **ka**, **kap**, **kab**, used interchangeably.
13. **se pou m pale** “I must speak.” **pou** is used here to indicate necessity or obligation; **pou** is also used as a preposition meaning “for” (see line 13), or to indicate possession: **Liv sa a pou mwen** “That book is mine.”
17. **kalite** the most common meaning is “type of”; it can also mean “quality.”
19. Don’t forget: **li** can be a verb meaning “to read,” as well as a pronoun meaning “he, she, it; his, her, its; him, her, it.”
22. Mary seems somewhat less than fully convinced here of John’s sincerity!  
The first **la** is the definite article “the”; the second **la** means “there.”
23. The verb meaning “to give” has three forms: **bay**, **ba**, and **ban**, depending upon the following word (see Conversation 16, Note 34).  
**woulib** literally, “free wheel,” i.e., “a ride,” “a lift.”

## Koze De (2): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Kijan ou ye jòdi a, madanm/madmwazèl/msye?
2. Ki kote ou prale kounyeya?
3. Ki kote klas kreyòl ou a ye?
4. Èske ou te janm vizite yon peyi lòt bò?
5. Ki peyi sa a?
6. Konben tan ou te pase la a?
7. Ou te renmen peyi sa a?
8. Lè ou ap vizite yon peyi, èske li pi bon pou ou konn pale lang li?
9. Pou moun Ozetazini, èske Ayiti lwen?
10. Ayiti, se yon bèl peyi?
11. Ayiti kapab aprann nou anpil bagay? Kisa, pa egzanp?
12. Ki kote ou aprann tout kalite bèl bagay sa yo?
13. Ou renmen fè lekti?
14. Kisa ou konn li?
15. Ou prese jòdi a?
16. Ou kapab ban m woulib jòdi a?

**Orevwa!**


paj dizwit

### **Koze Twa (3): “Lanmou, Toujou Lanmou!”**

- Jan:** Woy!\* Mari! Ban m nouvèl ou!\*
- Mari:** M byen, wi. E ou menm, Jan?
- Jan:** Mwen menm? M ap gade san pran.\*
- Mari:** Kisa sa vle di, ou ap “gade san pran”?
- Jan:** Sa vle di jòdi a kè m pa kontan. 5
- Mari:** Poukisa, monchè?
- Jan:** Mwen tris paske mwen blije ale nan sinema pou kont mwen.\*
- Mari:** Kouman! Yon gwo nèg tankou ou, ou pè ale nan sinema ou menm sèl? 10
- Jan:** Non, machè. Mwen pa pè, men m konnen yon fi ki bèl anpil, mwen ta vle envite l ale ak mwen nan sinema. Mwen pa konn si l a vle.
- Mari:** O! o! ki moun sa a?
- Jan:** Ou pa konnen? Se ou menm menm\* wi, 15  
Mari.
- Mari:** Mèsi anpil, monchè. Ou janti, men m gen anpil travay pou m fè\* aswè a.
- Jan:** Men se yon fim ki bon anpil!
- Mari:** Wi? Kijan li rele? 20
- Jan:** Li rele: “Lanmou, Toujou Lanmou!”
- Mari:** “Lanmou, Toujou Lanmou!” Monchè, mwen twò piti pou al wè yon fim konsa... Men, ou kab envite m yon lòt fwa, si ou vle. N a wè\* 25  
yon lòt jou.
- Jan:** N a wè, Mari.

### Koze Twa (3): Nòt

1. **Woy!** “Hey!” (to attract someone’s attention).  
**Ban m nouvèl ou!** literally, “Give me your news!” another very frequent way of asking, “How are you?”
3. **ap gade san pran** literally, “to be looking without taking,” i.e., “to be on the outside looking in.” A popular, semi-humorous reply.
8. **pou kont mwen** literally, “for my account,” i.e., “alone.”
15. **Se ou menm menm** repetition for emphasis: “It’s you!”
18. **pou m fè** “(that) I must do.” **pou** is used here to indicate obligation; cf. Conversation 2, Note 13.
24. **N a wè** literally, “We shall see (each other again),” i.e., “(I’ll) see you!”



M ap gade san pran.

paj ven

### **Koze Twa (3): Kèsyon**

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Ban m nouvèl ou!
2. Ou tris jòdi a?
3. Poukisa ou tris?
4. Poukisa ou pa tris?
5. Ou renmen ale nan sinema?
6. Ou pè ale nan sinema pou kont ou?
7. Ou pito ale nan sinema ak yon zanmi?
8. Kijan li rele?
9. Ou konnen yon fi/gason ki bèl anpil?
10. Ou ta vle envite l ale ak ou nan sinema?
11. Ou kwè li ta vle ale ak ou?
12. Ou gen anpil travay pou ou fè aswè a?
13. Poukisa?
14. Ou konnen yon fim ki bon anpil?
15. Kijan li rele?

*Yon ti pyès teyat pou nou jwe -*

**Ou vle envite yon moun ale ak ou nan sinema:**

- a) Li vle ale ak ou.
- b) Li pa vle ale ak ou.

**N a wè!**

### Koze Kat (4): Yon Ti Gout Kafe

- Jan:** Mari! Mari! Kote\* ou prale?
- Mari:** Nan klas kreyòl; sa ou vle?\*. . . E ou menm, ou pa prale nan klas kreyòl kounyeya?
- Jan:** Men wi! Mwen manke bliye.\*
- Mari:** Ou manke bliye! Men ou pa serye, monchè! Kijan 5  
ou vle aprann kreyòl si ou pa vini nan klas chak jou?
- Jan:** Wi, se vre. Ou gen rezon, Mari. Men, m gen yon gwo pwoblèm.
- Mari:** Yon gwo pwoblèm? Men ki pwoblèm ou ka 10  
genyen, monchè?
- Jan:** Machè, mwen gen yon kout chapo pou\* yon dam, men li pa renmen m.
- Mari:** Yon dam ki pa renmen ou? Men ou se yon gason ki janti anpil! 15
- Jan:** Se sa m kwè! Men li menm, li pa wè sa!
- Mari:** Men dam sa a fou! Pou jan ou se yon bon nèg,\* Jan!
- Jan:** Mwen toujou kite\* l wè sa, men li pa okipe\* m.
- Mari:** Men kilès dam sa a? 20
- Jan:** Men se ou menm menm, Mari!
- Mari:** Mwen menm? Se pa vre! Mwen kwè ou debyen anpil!
- Jan:** Bon! Alò, ou vle n al bwè yon ti gout kafe ansanm? 25
- Mari:** Oke! Ann ale!\*



paj vennde

*Yo antre nan yon bèl ti restoran ki rele “Kiyè Sal.”\**

**Jan:** Ou renmen ti restoran sa a, Mari?

**Mari:** Men wi! Li bèl, men gen twòp moun.

**Jan:** Se vre! Kote gason an ye? O! men li. Gason, ou ka pote de ti tas kafe ban nou, souple? 30

**Gason:** Touswit! Nou vle krèm oubyen sik nan kafe a?

**Toude:** Men wi! Ou mèt mete toude.

**Jan:** Epi tou, pote yon pòch sigarèt pou mwen, souple.

**Gason:** Mwen regrèt sa, nou pa gen sigarèt menm!\*

**Mari:** O! o! Ou fimen, Jan? Li pa bon pou ou, non!

**Jan:** Wi, m konnen sa. M ta renmen kite\* fimen, men m gen anvi fimen tanzantan, sitou lè m eksite.


**Mari:** Ou eksite kounyeya? Poukisa?

**Jan:** Paske m avè ou. 40

**Mari:** Ou eksite paske ou avè m! Se pa serye sa, monchè!

**Jan:** Wi, men se premye fwa ou sòti ak mwen.

**Mari:** Men se premye fwa ou envite m tou, monchè.\*



Men, m gen  
yon gwo pwoblèm



## Koze Kat (4): Nòt

1. **Kote** “Where?” here short for **Ki kote?**
2. **sa ou vle?** “what do you expect?” here short for **kisa ou vle?** (Usually this would mean, “what do you want?”)
4. **Mwen manke bliye** literally, “I (just) missed forgetting,” i.e., “I almost forgot.”
12. **gen yon kout chapo pou** literally, “to have a hit of the hat for,” i.e., “to have a crush on.”
17. **Pou jan ou se yon bon nèg** “(For the way) you’re such a great guy.”
19. **kite** “to let, permit, allow”; also can mean “to leave”; and “to stop (doing something),” as in line 37.  
**okipe** “to pay attention to.”
26. **Ann ale!** “Let’s go!” **an** is combined with **n(ou)** to indicate the first-person plural imperative.
27. Any resemblance between this name and “Greasy Spoon” is purely intentional. Haitians often refer to this kind of restaurant as a “**restoran dezavèg**” (literally, “restaurant of the blind”).
35. **pa . . . menm** “not . . . at all.”
37. **kite** “to stop (doing something),” cf. line 19.
43. Mary’s good faith could be questioned here! (Cf. the preceding Conversation.)

## Koze Kat (4): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Ki kote Mari prale?
2. Kisa Jan manke bliye?
3. Ki konsèy Mari bay Jan?
4. Ou dakò ak sa?
5. Poukisa Jan manke bliye al lekòl?
6. Ki gwo pwoblèm Jan genyen?
7. Ki moun Jan renmen?
8. Èske ou kwè Mari renmen Jan tou?



9. Ki kote yo ale apre sa?
10. Ki non restoran sa a?
11. Ki bweson yo kòmande?
12. Kisa yo vle ansanm ak kafe a?
13. Èske Jan konn fimen?
14. E ou menm, èske ou konn fimen?
15. Poukisa Jan eksite kounyeya?
16. Èske se premye fwa Jan envite Mari sòti?

**M ale!\***

\***M ale!** literally, “I go!” i.e., “Bye!”

## Koze Senk (5): Nan Restoran “Kiyè Sal”

- Mari:** Men pa di m,\* ou renmen klas kreyòl nou an?
- Jan:** Men wi! M renmen l plis pase tout lòt klas yo!
- Mari:** Poukisa?
- Jan:** M pa konnen egzakteman. Li enteresan—epi mwen menm se yon nèg ki renmen fè sa ki 5  
diferan! . . . Epi tou, zanmi m yo anraje nan kò  
m\* paske yo kwè mwen fou dèske m ap etidye  
kreyòl.
- Mari:** Mwen menm tou! Men li amizan anpil anpil\*!
- Gason:** Men te\* yo. 10
- Jan:** Nou pa t mande te, non, se kafe nou te mande.
- Gason:** O! o! Eskize m! M pral chache sa pou nou san  
pèdi tan.
- Jan:** Ou ta renmen manje yon ti bagay kounyeya,  
Mari? Mwen menm, m grangou wi. 15
- Mari:** Mwen menm, m pa grangou. Mwen swaf sèlman.  
Men ou toujou grangou, ou menm?
- Jan:** Wi, se konsa m ye! M ta renmen pran yon  
anbègè.\*
- Mari:** Men monchè, se twòp sa! Li deja prèske senkè.\* 20  
Nan inèdtan\* ou pral soupe.
- Jan:** Ou gen rezon, Mari, ou toujou gen rezon. Mwen  
ka manje sa yon lòt fwa.
- Gason:** Men kafe yo, wi.
- Jan:** Mèsi, men nou pa gen kiyè. 25
- Gason:** Pa gen pwoblèm. Men de kiyè pou nou. Nou vle  
napkin\* tou?
- Mari:** Wi, souple.  
(*Yo bwè kafe yo.*)

paj vennsis

Mari: O! Li ta. Li prèske sizè. 30

Jan: Men wi. Gason, pote fich la pou mwen, souple.

Gason: Men li.

Jan: M kwè gen yon move kalkil sou fich la. Nou te pran de kafe sèlman, men ou mete de kafe ak de te. 35

Gason: O! o! Kite m wè sa. Ou gen rezon! M sonje kounyeya.

Jan: Oke, li bon kounyeya. Èske tep la nan total la?

Gason: Non, msye.

Jan: Bon. Mete sa nan pòch ou. 40

KIYÈ SAL



Mete sa nan pòch ou.

## Koze Senk (5): Nòt

1. **Men pa di m** literally, “But don’t tell me,” i.e., “But tell me.”
6. **anraje nan kò m** literally, “enraged in my body,” i.e., “on my case.”
9. **anpil anpil** repetition for emphasis, a frequently used device in Haitian.
10. **te** “tea”; **te** is also of course the past tense indicator, and watch out for **tè** “land, earth.”
19. Use both your ear and your imagination on this one!
20. **senkè** “five o’clock.” **è** indicates “hour,” and is combined with the various numbers for telling time:

<b>inè</b>	one o’clock	<b>setè</b>	seven o’clock
<b>dezè</b>	two o’clock	<b>witè</b>	eight o’clock
<b>twazè</b>	three o’clock	<b>nevè</b>	nine o’clock
<b>katrè</b>	four o’clock	<b>dizè</b>	ten o’clock
<b>senkè</b>	five o’clock	<b>onzè</b>	eleven o’clock
<b>size</b>	six o’clock		

BUT: **midi** noon

**minwi** midnight

See also “Do-It-Yourself” Conversation 3, page 93.

21. **inèdtan** “one hour (of time).” Cf. the French *une heure (de temps)*.
27. **napkin** “paper napkin”; **sèvyèt** “cloth napkin.”

paj ventwit

## Koze Senk (5): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Poukisa Jan renmen klas kreyòl li a?
2. E ou menm, ou renmen klas kreyòl ou a tou?
3. Èske zanmi Jan yo renmen kreyòl menm jan ak li?
4. E zanmi ou yo, èske yo renmen kreyòl menm jan ak ou?
5. Kisa gason an pote ba yo?
6. Men, kisa yo te mande pou bwè?
7. Kisa Jan ta vle manje?
8. E ou menm, ou ta vle manje yon bagay kounyeya?  
Kisa?
9. Poukisa Mari kwè Jan pa bezwen manje kounyeya?
10. Lè gason an pote kafe yo, kisa li pote tou?
11. Kisa gason an pa t bay mesye dam yo?
12. Lè yo fin bwè kafe yo, kilè li te ye?
13. Lè moun vle peye nan yon restoran, ki de bagay yo bezwen?
- 14) Kisa ki pa t bon nan fich la?
15. Kisa yon tep ye?
16. Lè ou ale nan yon restoran, konben kòb ou konn kite pou moun k ap sèvi ou a?

**Babay!**

**Koze Sis (6): Jalouzi**

*Nan lari. Jan wè Mari ak yon zanmi.*

**Jan:** Bonswa, Mari. Ban m nouvèl ou.

**Mari:** M pa pi mal, non. E ou menm?

**Jan:** M la, wi.

**Mari:** M ta renmen ou fè konesans ak zanmi m, Kami, 5  
ki fèk\* sòti an Ayiti.

**Jan:** O! o! Mwen kontan anpil anpil fè konesans ak  
ou!! Kilè ou rive isit?

**Kami:** Gen twa jou sèlman depi m rive.\* Se kay Mari  
m te desann, men kounyeya m fèk jwenn yon ti 10  
apatman prive.

**Jan:** O! o! yon ti apatman pa ou!\* Ki kote li ye?

**Mari:** Jan monchè, nou prese anpil kounyeya. Nou p ap  
gen tan pale plis ak ou. N a wè ou yon lòt jou. N  
ale.\* (*Yo pati. Jan rete pou kont li.\**) 15

**Jan:** O! o! Kèt! Dam sa a anfòm, papa! Piske Mari  
toujou mechan avè m. . .



*Li witè diswa konsa.\* Jan chita lakay li; l ap li  
yon liv ki rele: “KIJAN OU MENM TOU KAB  
JWENN YON BÈL FI.”* 20

**Jan:** Si sèlman m te konnen kijan m ta ka jwenn Kami,  
men m pa konn ki kote li rete. Fout!

*Telefòn lan sonnen; Jan reponn.*

**Jan:** Alo.

**Mari:** Bonswa, Jan. Se Mari. 25

**Jan:** O! Mari, kouman ou ye? Mwen kontan tande  
vwa ou. Kisa ou ap fè aswè a?

paj trant

**Mari:** Anyen. Mwen lakay mwen, m ap etidye.

**Jan:** Kisa ou ap etidye?

**Mari:** Sa ou kwè? Kreyòl ayisyen, monchè. 30

**Jan:** O! Mwen menm tou, mwen t ap etidye kreyòl!\*  
Èske ou dakò pou m vini etidye ak ou?

**Mari:** Mwen ta byen renmen sa.

**Jan:** M ap rive lakay ou taptap!\* M a wè ou talè.\*

**Mari:** Oke. M ap tann ou. 35





## Koze Sis (6): Nòt

6. **fèk** “to have just” (done something), an important idiom.
9. **Gen twa jou sèlman depi m rive.** “I got here only three days ago.”
12. **yon ti apatman pa ou!** “your own little apartment!”  
When **pa** is followed by a verb, it indicates a negative; when **pa** is followed by a pronoun (as here) or by a noun, it indicates possession.
15. **N ale** literally, “We go,” i.e., “Bye.” Cf. also **M ale** “Bye” in Note to Questions on Conversation 4, page 24. (It could well be that Mary’s hasty departure here is not unrelated to the title of this Conversation!)  
**pou kont li** “alone.” Cf. Conversation 3, Note 8.
18. **witè diswa konsa** “around 8 p.m.”
31. Here it is John’s good faith we can put into question!
34. **taptap** “right away,” “fast.” Also the name for the small pick-up trucks that serve as public transportation especially in downtown Port-au-Prince.  
**talè** “soon,” “in a little while (from now)”; “a little while ago” would have been **talè a**. (Sorry, but no language is without its little difficulties!)

paj trannde

## Koze Sis (6): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Ak ki moun Jan fè konesans kounyeya?
  2. Kami se moun ki peyi?
  3. Èske gen lontan depi li debake isit?
  4. Kay ki moun li te rete?
  5. Epi ki kote li rete kounyeya?
  6. Èske Kami gen tan di Jan kote li rete?
  7. Poukisa li pa gen tan?
- ◆ ◆ ◆
8. Ki liv Jan vin ap li pita?
  9. Èske Jan konnen ki kote Kami rete?
  10. Ki moun ki rele Jan nan telefòn, Mari oubyen Kami?
  11. Poukisa Mari rele Jan?
  12. Kisa Mari t ap etidye?
  13. Èske Jan t ap etidye kreyòl vre lè Mari te rele li?
  14. Ou kwè Jan mande Mari sa manmzèl te vle a?
  15. Lèfini, kisa k ap pase kounyeya?

N ale!

**Koze Sèt (7): Mwen renmen ou!**

*Jan rive lakay Mari.*

**Jan:** Bonswa, Mari. Kijan ou ye?

**Mari:** Bonswa, Jan.

**Jan:** Ou konnen, m kontan anpil ou te telefòn m.  
Gen si mwa konsa depi m konnen ou,\* men se 5  
premye fwa ou rele m.

**Mari:** Se vre?

**Jan:** Men wi, Mari. Mwen te fin kwè ou pa t renmen  
m menm menm.\*

**Mari:** Se pa sa ditou, Jan. Ou se yon nèg ki janti anpil 10  
anpil.

**Jan:** Wi, Mari. Ou di sa, men sa pa vle di anyen. Ou  
konnen anpil lòt gason ki janti tou.

**Mari:** Men yo pa tankou ou, Jan!

**Jan:** O Mari! M renmen ou anpil! 15

**Mari:** E mwen renmen ou tou, Jan!

**Jan:** O! o! (*Li ba l yon ti bo, epi li ba l yon gwo bo . . .*)



*Kèk tan pita:*

**Jan:** Mari, ou dous anpil anpil . . . Mwen ta vle marye  
ak ou!\* 20

**Mari:** O Jan! M te kwè ou pa ta janm mande m sa!

**Jan:** Se vre? Toutbon? Ou dakò? Ou vle marye ak  
mwen tou?

**Mari:** Wi, Jan. Ou se sèl gason m renmen!!

**Jan:** O, Mari. Mwen menm se nèg ki pi chanse nan 25  
lemonn. M sezi. M pa kapab kwè ou renmen m  
toutbonvre.

paj tranngkat

**Mari:** O Jan!

**Jan:** Men kilè nou ka fè maryaj sa a?

**Mari:** Jòdi a se jou kenz me.\* Legliz la lib jou de jen.\* 30

**Jan:** O! o!

**Mari:** Si nou marye a senkè diswa, nan denmen nou ta ka pati fè yon ti vwayaj nòs.

**Jan:** O! o! E ki kote nou ta ka ale, Mari? 35

**Mari:** Petèt nou ta ka al pase kèk tan an Ayiti. Nou toude ap etidye kreyòl, epi Ayiti se de kout pye.\*

**Jan:** O! Mezanmi! Se yon bon lide, Mari, men gen yon sèl ti pwoblèm: ki kote nou pral jwenn kòb\* pou fè vwayaj sa a? 40

**Mari:** Pa gen pwoblèm. M gen yon vye tonton, sa fè kèk tan depi li mouri. Msye kite yon ti kòb pou mwen. Yon vwayaj an Ayiti pa koute chè anpil, konsa nou ta ka pase kèk senmenn lòt bò a.

**Jan:** O! o! Ou se yon fanm total, cheri! 45



## Koze Sèt (7): Nòt

5. **Gen si mwa konsa depi m konnen ou** “I have known you for about six months.” Note the use of the present tense with **depi** for action continuing into the present. Cf. similar construction in French.
9. **menm** after a negative verb means “(not) . . . at all.” Cf. Conversation 4, Note 35. Here **menm** is repeated for emphasis.
19. **marye ak** note that “to marry someone” is **marye ak yon moun**; the verb **marye** alone means “to perform a marriage ceremony” or “to marry off (one’s daughter, etc.).”
30. This might be an appropriate time to review the months of the year:
- |                |          |                |           |
|----------------|----------|----------------|-----------|
| <b>janvye</b>  | January  | <b>jiyè</b>    | July      |
| <b>fevriye</b> | February | <b>out</b>     | August    |
| <b>mas</b>     | March    | <b>septanm</b> | September |
| <b>avril</b>   | April    | <b>oktòb</b>   | October   |
| <b>me</b>      | May      | <b>novanm</b>  | November  |
| <b>jen</b>     | June     | <b>desanm</b>  | December  |
37. **de kout pye** literally, “two kicks (away),” i.e., “a stone’s throw away.” Haiti is 600 miles southeast of Florida, or about one hour 30 minutes by air from Miami to Port-au-Prince.
39. **kòb** “money,” “dough.” **kòb** literally means the Haitian cent, formerly valued at 1/5 the American cent, but is also the familiar expression for “money.” **Lajan** is the more formal term for “money.”

## Koze Sèt (7): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Èske Jan kontan Mari rele l nan telefòn aswè a?
  2. Depi konben tan Jan konn Mari?
  3. Poukisa Jan te kwè Mari pa t renmen l?
  4. Èske Mari kwè tout gason tankou Jan?
- ♦ ♦ ♦
5. Lè Jan fin bo Mari, kisa Jan di l li ta vle fè?
  6. Èske ou kwè Jan fou nèt?
  7. Ki moun nan klas isit la ki marye deja? Si non, kilè ou ta vle marye?
  8. Èske Mari te kwè Jan t ap mande l marye?
  9. Mari renmen yon lòt gason tou, pa vre?
  10. Poukisa Jan sezi?
  11. Ki dat Mari vle marye? Ou ta vle ale nan maryaj sa a?
  12. Èske ou kontan lè yo envite ou ale nan yon maryaj?
  13. Gen moun ki konn kriye nan seremoni maryaj. Poukisa?
  14. Ki dat jòdi a ye?
  15. Poukisa se Ayiti yo ta vle fè vwayaj nòs yo?
  16. Kijan Mari kwè li ka jwenn kòb pou fè vwayaj la?
  17. E ou menm, èske ou ka jwenn kòb pou sa tou?
  18. Si ou ka jwenn kòb sa a, èske ou ta ka prete m yon ti kòb pou jouk denmen? Jouk nan yon mwa? Jouk nan si mwa?

N a wè!

**Koze Wit (8): Nan Avyon an**

**Jan:** Eskize m, msye. Ou konn akilè n ap rive *Pòtoprens*?

**Msye Nasis:** Nou pral rive nan karant minit konsa. Yo\* mete sèlman inè\* trant minit sòti Miyami rive *Pòtoprens*. Men di m non, ki kote ou aprann pale kreyòl konsa? 5

**Jan:** Nan yon inivèsite Ozetazini.

**Msye Nasis:** Mezanmi! Tande de koze!\* Se byen, sa! Mwen pa t konnen gen kote ki montre moun kreyòl Ozetazini. 10

**Mari:** Men wi! Gen deplizanpli moun k ap aprann kreyòl lòt bò kounyeya.

**Msye Nasis:** Gen lè ou pale kreyòl tou, madanm? M pa kab kwè ou pale kreyòl konsa, san pwoblèm . . . E kisa nou pral fè an Ayiti? 15

**Mari:** Nou pral pase kèk tan *Pòtoprens*, epi nou ta vle vizite *Jakmèl, Okap ak Sitadèl*.

**Jan:** Epi mwen menm, m ta renmen wè *Pilat*.

**Msye Nasis:** *Pilat*? Men poukisa ou ta renmen wè yon ti vil konsa? 20

**Jan:** Se paske m te li nan yon liv ki pale sou Ayiti: *Pilat* se kapital zonbi!

**Msye Nasis:** Kapital zonbi? Kisa sa vle di?

**Jan:** Yo di tout moun nan vil sa a, se zonbi yo ye.

**Msye Nasis:** E ou kwè sa?! Monchè, pa gen pwoblèm: se pou ou ale *Pilat*, pou ou ka wè ak de grenn je ou sa ou a jwenn. Epi *Pilat* pa twò lwen *Pòdepè*. *Pòdepè* se yon bèl ti pò, epi li gen yon bon lotèl ki bay sou\* lanmè. Fòk\* ou wè mache a tou. Epi si ou vle, ou ka jwenn yon ti bato la pou mennen ou *Latòti*. 30

paj trantwit

Jan: *Latòti? Kisa sa ye?*

Msye Nasis: O monchè, se yon zile ki enteresan anpil wi.  
Se kote sa a flibistye\* franse te tere\* trezò yo.

Jan ak Mari: Flibistye! Trezò!

Msye Nasis: Men wi, nan twou wòch\* yo. Gen anpil twou 35  
wòch *Latòti*. Moun toujou ap chache trezò sa yo  
jouk kounyeya.

Jan ak Mari: O! Fòk nou wè sa!

Msye Nasis: Men wi. Men nou pa di m, poukisa nou prale 40  
Ayiti kounyeya?

Jan: Paske se vwayaj nòs nou.

Msye Nasis: O! Nou se nouvo marye! Se pou nou fete sa!  
Fòk nou vini lakay mwen *Pòtoprens*. M ta renmen  
nou fè konesans ak\* fanmi mwen.


Jan ak Mari: Ak gran plezi. 45

Msye Nasis: O, nou rive *Pòtoprens*. Men ayewopò  
entènasyonal *Tousen Louvèti*.

Jan: *Tousen Louvèti? Se pa konsa yo te di nou li rele.*

Msye Nasis: Anvan, yo te rele l ayewopò *Franswa Divalye*, 50  
epi apre sa yo rele l *Mayi Gate*. Men kounyeya  
se *Tousen Louvèti* yo rele l.

Jan ak Mari: Oooo!



Flibistye! Trezò!!!



## Koze Wit (8): Nòt

3. **Yo** - note that **yo** is often used in the same way as is the French impersonal *on* (“one,” “they”).
4. **inè** here, “one hour.” It can also mean of course “one o’clock.” See Conversation 5, Note 20.
8. **Tande de koze!** literally, “Hear some talk!” i.e., “Just listen to that!”
28. **bay sou** literally, “gives upon,” i.e., “looks out onto.”
29. **Fòk** “It is necessary that”; here, with **ou** “You must.” **Fòk** is always the first word in a sentence or phrase.
33. **flibistye** “pirate” (originally from the Dutch or English word “freebooter”).  
**tere** “to bury.” Cf. the French **enterrer** “to bury”; often a two-syllable Haitian word corresponds to a three-syllable French word without the first syllable:
  - écouter* - **koute** (“to listen to”)
  - oublier* - **bliye** (“to forget”)
  - regarder* - **gade** (“to look at”)
  - écraser* - **kraze** (“to smash, break”)
  - acajou* - **kajou** (“mahogany”)
  - espagnol* - **panyòl** (“Spanish”)
35. **twou wòch** literally, “holes of rocks,” i.e., “caves.”
44. **fè konesans ak** literally, “to make acquaintance with,” i.e., “to meet.”

## Koze Wit (8): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Konben tan yon avyon mete pou sòti Miyami rive Pòtoprens?
2. Ki kote blan yo aprann pale kreyòl Ozetazini?
3. Ki kote yo ta renmen vizite an Ayiti?
4. Poukisa Jan anvi konnen Pilat?
5. Ki lòt vil ki tou pre Pilat?
6. Èske moun ka rive Latòti apye? Kijan moun ka janbe la?
7. Kisa Latòti ye?
8. Kisa yo kwè flibistye te fè Latòti?
9. Ou kwè trezò sa yo la toujou?
10. Poukisa Jan ak Mari prale Ayiti?
11. Lè yo rive Pòtoprens, ki envitasyon msye Nasis fè yo?

*De ti pyès teyat pou nou jwe:*

- A. De moun—yon Ayisyen ak yon Ameriken—fè konesans nan yon avyon ki ale an Ayiti.
- B. De moun ap pale nan yon avyon (men gen youn ki gen yon bonm kache nan valiz li!).

**Koze Nèf (9): Yo Rive!**

*Nan ayewopò Pòtoprens.*

**Jan:** Men\* paspò n yo, msye.

**Dwannye:** O! Se pa ou pale vre lang natif natal!\* M sezi!  
Pa gen anpil moun lòt bò\* ki fè menm jan an. M  
kontan wè sa. 5

**Mari:** Mèsi, msye. Men souple, di nou kote pou nou  
jwenn malèt nou yo.

**Dwannye:** Pa gen pwoblèm. Nou mèt tann yon ti moman  
nan sal la, y ap rive talè.

**Jan:** Mèsi anpil, msye. 10

**Dwannye:** Deryen.\*

**Mari:** M pa te kwè ta gen anpil touris konsa ki ta debake  
isit, men m kwè se nou sèl ki konn pale kreyòl.

**Jan:** Gen lè\* ou gen rezon, cheri. Men zanmi nou  
an. 15

**Msye Nasis:** O! Se nou! Se pa lapenn\* pou nou pran  
yon taksi. Pitit fi mwen an ap vin chache m nan  
machin. Nou ka ban nou woulib.

**Jan:** Mèsi anpil, msye. O! ala yon bon nèg se ou!\* 20

**Msye Nasis:** Men nou poko di m non\* nou.

**Mari:** M rele Mari, e mari m rele Jan.

**Msye Nasis:** Mwen kontan anpil fè konesans ak nou. E  
mwen menm m rele Jera Nasis.

**Pòtè:** M mèt ede nou?

**Msye Nasis:** Wi, souple. Konben malèt nou genyen? 25

**Jan:** Nou gen yon gwo malèt ak de lòt ki pi piti.

**Msye Nasis:** Oke! Msye, pote malèt sa yo deyò pou nou,  
souple. O! men pitit fi mwen an!

paj karannde

**Masèl:** Papa, mwen byen kontan wè ou! Ou te fè bon vwayaj? 30

**Msye Nasis:** Men wi, m kontan tounen nan peyi a. Masèl, m ta renmen ou fè konesans ak Jan e Mari. Yo fèk marye, epi se isit yo chwazi pou fè vwayaj nòs yo a. 35


**Mari:** Bonjou! Papa\* ou te gentan\* di n kèk bagay enteresan sou Ayiti nan avyon an.

**Masèl:** Mwen sezi! Ou pale yon kreyòl natif natal!

**Msye Nasis:** Ann ale. Tout moun nan machin lan. N ap pati. 40

**Mari:** Manke yon malèt . . .\* Men li!

**Msye Nasis:** Tout bagay anfòm nèt? Oke, annou derape.



Se nou sèl ki konn  
pale Kreyòl!

## Koze Nèf (9): Nòt

2. **Men** “Here is.” **men** has three distinct meanings: (1) “but”; (2) “hand”; 3) “here is,” “here are.” Cf. its use here in lines 6, 13, 20, 28, and 32.
3. **natif natal** “native,” “local,” “authentic.”
4. **moun lòt bò (dlo)** literally, “people (from the) other side (of the water),” i.e., “foreigners.”
11. Both **Pa gen pwoblèm** and **Deryen** express “You’re welcome.”
14. **Gen lò** “It seems,” “It appears.” (Cf. French *avoir l’air*.)
16. **Se pa lapenn** literally, “It is not trouble (effort),” i.e., “It’s not worth the trouble.”
19. **ala yon bon nèg se ou!** “what a great guy you are!”
20. **non** means “name” as well as “no.” (Cf. Conversation 4, question 10, page 24.)
36. **Papa** “Father.” The word **pè** means “Catholic priest” (as well as “to be afraid” and “Voodoo altar!”).  
**gentan** “already,” as well as **gen tan** “to have time.”
41. **Manke yon malèt** “There’s a suitcase missing.”

paj karannkat

## Koze Nèf (9): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa Jan bay dwannye a?
2. Li ba li batistè\* yo tou?
3. Poukisa dwannye a sezi?
4. Kisa Jan ak Mari mande dwannye a?
5. Èske dwannye a di Mari ak Jan y ap pase mizè pou jwenn malèt yo?
6. Gen anpil touris ki debake?
- 7, Konben touris k ap pale kreyòl nan ayewopò a?
8. Ki sèvis msye Nasis vle rann yo?
9. Ki moun k ap kondi machin Mari ak Jan monte a?
10. Kibò Jan ak Mari aprann non msye Nasis?
11. Konben malèt Jan ak Mari genyen?
12. Ki moun msye Nasis wè, lè y ap sòti?
13. Èske msye Nasis di li fache tounen an Ayiti?
14. Kijan Masèl kwè Mari pale kreyòl?
15. E ou menm, kijan ou pale kreyòl?

N ale!

2. batistè “birth certificate.”

## Koze Dis (10): Nan Lotèl la

**Msye Nasis:** Nan ki lotèl nou prale?

**Jan:** Nan *lotèl Olofsonn*. Èske ou ta ka depoze nou la, souple?

**Msye Nasis:** Pa gen pwoblèm! Lakay nou pa lwen ditou ak *lotèl Olofsonn*. 5

**Jan:** Mari, gade. Gen piblisite menm an kreyòl. Li make: “Kòlgat\* —pa gen parèy!”

**Mari:** Gade! Men\* yon lòt! Li make: “Metè fòs nan kò ou!”\*

**Msye Nasis:** Men ri lakay.\* 10

**Mari:** Se avni Kristòf. Jan, ou sonje Kristòf?

**Jan:** Ki Kristòf? *Kristòf Kolon?*

**Mari:** Non, monchè. *Anri Kristòf*, wa Ayiti ki te bati *Sitadèl*, ak palè *Sansousi*.

**Jan:** Wi! Nou te etidye sa nan klas kreyòl. Fòk nou vizite yo nan *Milo*. 15

**Masèl:** Nou rive. Se *lotèl Olofsonn* lan sa.

**Mari:** Li bèl anpil! Li tou blan, gen anpil pye kokoye\* ak anpil bèl flè nan lakou a.

**Msye Nasis:** Wi, se yon vye kay ki gen plis pase santan kounyeya. Gen anpil touris ki renmen fè ladesant\* ladan l. 20

*Yo antre nan lotèl la.*

**Jan:** Bonswa. Nou te fè yon rezèvasyon; nou rele Maten. 25

**Richa:** O, msye ak madan Maten. Nou kontan wè nou. Chanm nou an tou pare. Si ou ka siyen rejis la\* pou mwen, gason an ka monte malèt nou yo. Epi apre sa, si nou vle, nou ka desann pou nou

paj karannsis

bwè bweson yo bay pou resevwa moun,\* bò pisin lan. 30

**Mari:** Nou ta renmen sa! Ki kalite bweson yo bay konsa?

**Richa:** Se gran bweson peyi a, madanm: yon wonm ponch. 35

**Jan:** E ou di nou ka bwè l bò pisin lan?


**Richa:** Wi, osinon nan pisin lan menm.

**Jan:** M renmen Ayiti deplizanpli!

**Msye Nasis:** Fòk nou pati kounyeya, men nou ta vle envite nou vin dine\* denmen lakay nou, vè inè konsa. N a vin chache nou nan machin. 40

**Jan ak Mari:** Mèsi anpil! N a wè denmen.

**Msye Nasis ak Masèl:** N a wè denmen, si Dye vle.\*  
Babay.



**Gran Lotèl Olofsonn**



## Koze Dis (10): Nòt

7. **Kòlгат** “Colgate”; **kòlгат** is also the term for “toothpaste” in general.
8. **Men** see Conversation 9, Note 2.  
 “**Mete fòs nan kò ou!**” is an advertisement for Haiti’s award-winning lager beer, **Prestij** (*Prestige* in French), created in 1975.
10. **Men ri lakay** “Here is (the) street (of our) home.”
18. **pye kokoye** “coconut trees.” **pye** means not only “foot” or “lower leg,” but is also the general term for anything with a “foot” in the ground, i.e., the generic term preceding the name of any specific kind of plant or tree.
21. **fè ladesant** literally, “to make lodging,” i.e., “to stay at” (hotel, etc.).
27. **siyen rejis la** “to sign the register.”
30. **bweson yo bay pou resevwa moun** literally, “drinks given to receive people,” i.e., “the welcoming drink,” a time-honored Haitian custom.
40. **dine** “to have lunch, noonday meal, main meal of the day”; **soupe** “to have supper, evening meal.”
43. **si Dye vle** “if God wishes,” “God willing.” This expression punctuates much of Haitian speech, and is sometimes regarded as almost a grammatical device indicating a future tense.

paj karantwit

## Koze Dis (10): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Nan ki lotèl Jan ak Mari prale?
2. Ki piblisite Mari ak Jan wè?
3. Ou konnen kèk bagay ki kap mete fòs nan kò moun?
4. Konben Kristòf ki gen nan istwa Ayiti?
5. Ki diferans ki genyen ant Kristòf Kolon ak Anri Kristòf?
6. Kisa Anri Kristòf te bati?
7. Poukisa li te bati yo?
8. Ou vizite Sitadèl deja?
9. Di sa ou konnen sou lotèl Olofsonn.
10. Èske chanm touris yo te pare anvan yo rive?
11. Kisa yon moun dwe fè lè l rive nan yon lotèl?
12. Kisa gason an ap monte pou yo?
13. Kisa yo ofri yo pou bwè?
14. Ki kote yo ka bwè l?
15. Ki pwogram Jan ak Mari genyen pou denmen?

**Orevwa!**

## Koze Onz (11): Bò Pisin lan

*Li dezè edmi nan apremidi. Jan ak Mari kouche bò pisin lan. Solèy klere dèyè pye kokoye yo. Flanbwayan\* yo santi bon. Mesye dam\* yo kontan!*

- Mari:** Petèt nou ta dwe al pwonmennen lavil. 5
- Jan:** Mwen bouke, cheri. Nou fèk rive isit. Annou fè yon ti kabicha\* nan solèy la. Denmen nou ka konmanse vire won.\*
- Oblen:** Bonswa\*, mesye dam. Nou fèk rive *Olofsonn*?
- Mari:** Wi, se premye vwayaj nou an Ayiti. M rele Mari 10  
Maten, e mari m rele Jan.
- Oblen:** Mwen menm, m rele *Oblen Jolikè*.
- Mari:** O! mwen wè non ou nan yon liv gid sou Ayiti! Yo rele ou “Msye Ayiti.”
- Oblen:** O madanm! Ou ap pase m nan betiz.\* 15
- Mari:** Men non. Se yon zanmi ki te ban nou bèl liv sa a sou Ayiti, e nou te wè non ou ladan l.
- Oblen:** Bèl liv sa a, petèt se yon kado nòs li te ye?
- Mari:** Kijan ou te fè konnen sa? Ou se divinò ou 20  
menm!\*
- Oblen:** Lè m wè jenn moun tankou nou isit ki kontan konsa . . . E kisa nou ta vle fè an Ayiti?
- Jan:** Mwen menm, gen de bagay m ta vle wè: *Pilat*,\* epi yon sèvis vodou.
- Oblen:** *Pilat* lwen anpil, men pou sèvis vodou a, se fasil. 25
- Mari:** Kisa sa vle di se fasil?
- Oblen:** M vle di, chè madanm, m gen yon zanmi m ki oungan.\* Jòdi a se samdi,\* gen yon sèvis aswè a menm *Kwadèboukè*. Si nou vle, m ta ka mennen 30  
nou.

paj senkant

**Jan ak Mari:** Oooo! San pwoblèm!

**Oblen:** Bon! Piske nou dakò, m ap vin chache nou isit la vè nevè edmi. Babay.

**Jan ak Mari:** Mèsi davans!

*Yo pou kont yo.*

35

**Jan:** Wi pip! Gade kijan yon pèp janti! Nou fèk rive, nou gentan envite nan yon dine, epi nan yon sèvis vodou tou.

**Mari:** Se vre, chou! Li pa fasil pou wè vre vodou a. Nan liv sa a, yo di gen vodou yo fè espres pou touris, men fòk yo envite ou pou ou kab al wè yon sèvis toutbon.\* 40

**Jan:** Cheri, annou al fè yon ti repoze pou nou ka anfòm nèt pita.



**Oblen Jolikè**

### Koze Onz (11): Nòt

3. **Flanbwayan** “royal poinciana,” “flamboyant.”  
**mesye dam** frequently used expression to designate either a group of people of both sexes, or just one man and woman. Cf. also line 9.
7. **kabicha** “nap.”
8. **vire won** literally, “to turn around,” i.e., “to go around,” “circulate,” “see things.”
9. **Bonswa** “Good afternoon,” or “Good evening,” used any time after noon. Cf. Conversation 10, line 24.
15. **Ou ap pase m nan betiz** literally, “You’re passing me in nonsense,” i.e., “You’re teasing me,” “You’re kidding me.”
19. **Kijan ou te fè konnen sa?** literally, “How did you do to know that?” i.e., “How did you manage to know that?”  
**Ou se divinò ou menm!** literally, “You are a seer (or soothsayer) yourself!” i.e., “You must really be clairvoyant!”
23. John retains his fixation concerning Pilate! See Conversation 8, lines 18-24.
28. **oungan** “Voodoo priest”; **manbo** “Voodoo priestess.”  
 For a review of the days of the week:
- |                |           |                 |          |
|----------------|-----------|-----------------|----------|
| <b>lendi</b>   | Monday    | <b>vandredi</b> | Friday   |
| <b>madi</b>    | Tuesday   | <b>samdi</b>    | Saturday |
| <b>mèkredi</b> | Wednesday | <b>dimanch</b>  | Sunday   |
| <b>jedi</b>    | Thursday  |                 |          |
42. A Voodoo temple belongs not to the congregation, as in Christian groups, but is the personal property of the Voodoo priest or priestess. Thus one is literally a guest at a Voodoo service and must be specially invited.

paj senkannde

## Koze Onz (11): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Sa Mari kwè yo ta dwe al fè?
2. Kisa Jan ta pito fè?
3. Kisa sa vle di: “vire won”?
4. Kilè Jan ak Mari te rive an Ayiti?
5. Ki moun ki vin fè konesans ak nouvo marye yo?
6. Ki kote Mari te wè non msye a?
7. Kijan Mari te jwenn liv sa a?
8. Kisa sa ye yon “divinò”?
9. Poukisa Mari di Oblen se yon divinò vre?
10. Kisa Jan ta renmen wè?
11. Èske Pilat pre ak Pòtoprens?
12. Ki metye zanmi Oblen an?
13. E ou menm, ki metye ou?
14. Poukisa Jan di Ayisyen yo janti?
15. Ki diferans ki genyen ant sèvis vodou pou touris, ak sèvis vodou toutbon?

**N a wè!**

## Koze Douz (12): Nan Sèvis Vodou a

*Li prèske onzè diswa, bò Kwadèboukè. Oblen, Mari ak Jan fèk antre anba peristil\* la.*

**Oblen:** Se la a menm y ap fè sèvis la. Yo poko konmanse dans lwa yo.\*

**Jan:** O! o! Gade moun! Ki kote pou n chita? 5

**Oblen:** La, nan fon an. Konsa nou ka wè tout bagay.

**Mari:** Ki desen nonm lan ap fè atè a la?

**Oblen:** Se oungan an, wi! zanmi m lan. L ap trase yon desen yo rele vèvè,\* ak farin melanje ak sab. Se pou rele lwa yo. 10

**Mari:** An! Se vre. Nou te etidye sa nan klas kreyòl.

**Jan:** E toujou gen twa tanbou konsa?

**Oblen:** Se sa. Ti tanbou a rele boula, lòt la rele segon, epi gwo a rele manman tanbou.

**Mari:** E sa a, se poto mitan\* kote lwa yo desann lan, pa vre? 15

**Oblen:** Non sèlman se sa, men se sa menm. Kounyeya oungenikonn\* lan ap voye chante\* yo. Moun ki abiye an blan yo rele ounsi,\* yo pral konmanse chante ak danse ti talè.

**Jan:** Kisa oungan an kenbe nan men l la? 20

**Oblen:** Sa, se yon ason\*. Lòt la se yon ti klòch. Se oungan sèl ki gen dwa kenbe yo.


**Mari:** Ti kay ki tou kole ak peristil la, kisa li ye?

**Oblen:** Sa a se vrè tanp vodou, yo rele l badji.\* Ladan l yo gen pè\* a ak bagay sakre sou li, tankou potèt,\* 25 pakèt kongo,\* pòtre,\* ak anpil lòt bagay.


**Jan:** Poukisa moun sa a ap vire kò l konsa?

**Oblen:** Se lwa ki monte l.\* Lwa a ap sèvi ak vwa moun li monte a pou l pale ak nou.

paj senkannkat



Ogoun




Danbala

# VÈVÈ



Ezili



Legba



- Jan ak Mari:** Oooo! 30
- Jan:** Kisa ki nan boutèy y ap pase a?
- Oblen:** Se wonm. Se pou ou pran yon ti gout tou piti, kouwè tout moun.  
*Gen anpil dans, anpil chante. Kounyeya li dezè dimaten konsa.* 35
- Oblen:** Zanmi m yo, nou gen lè bouke. Nou ta pito tounen lakay kounyeya?
- Jan:** Se sa menm! Bagay la enteresan anpil, nou regrèt dèske n pa ka rete pi lontan. Jounen an te long pou nou, vye kò a tanmen mande repo . . . Kite m bay chèf tanbouyè a yon ti kraze anvan nou derape. 40
- Oblen:** O! Ou se yon nèg ki konn lizay.\*
- Jan:** Se madanm mwen ki di m sa. Li jwenn sa nan liv gid la.
- Oblen:** Ann ale! 45



*Ti Lis kèk Lwa tout moun konnen\**

- Papa Legba** Lwa kafou, ki kontwole baryè ant mò ak vivan yo
- Ezili** Lwa bèlte, lanmou, jalouzi
- Bawon Samdi** Lwa lanmò 50
- Gede\*** Lwa asosye ak Bawon Samdi, ki fè mal epi ki di anpil betiz tou (yo plizyè)
- Danbala** Lwa koulèv
- Agwe** Lwa lanmè
- Azaka** Lwa jaden 55
- Ogoun** Lwa lagè

## Koze Douz (12): Nòt

2. **peristil** “Voodoo peristyle,” i.e., a large covered area partially open at the sides, where most Voodoo ceremonies, drumming, chanting and dancing, take place.
4. **Iwa yo** “Voodoo spirits.” The Voodoo religion recognizes one great God (**Gran Mèt**) as well as many helping spirits called **Iwa**, each with specific functions (cf. the Greco-Roman gods).
9. **vèvè** ritual design drawn on the ground by the Voodoo priest (**oungan**), or priestess (**manbo**), each design symbolizing a specific Voodoo spirit. See illustrations accompanying this Conversation.
15. **poto mitan - pote** means “post,” **mitan** means “middle,” i.e., “center-post.” The Voodoo spirits are believed to descend to earth by means of this center-post, which is accordingly a necessary component of any **peristil**. **Poto mitan** is also often used in a figurative sense to indicate “mainstay” or “lifeblood” (e.g., **Lagrikilti se pote mitan ekonomi ayisyen an**, “Agriculture is the mainstay of the Haitian economy”).
17. **ounganikonn** leader of songs and dances in a Voodoo service.  
**chante** means both “song” and “to sing.”
18. **ounsi** “Voodoo initiate.”
21. **ason** “ritual Voodoo rattle,” made of a gourd on which are strung beads or snake vertebrae.
24. **badji** a small room which constitutes the inner sanctuary of the whole **ounfò** (“general Voodoo temple complex”).
25. **pè** “Voodoo altar”; see Conversation 9, Note 36.  
**potèt** earthen pot containing hair and/or nail clippings etc. of a Voodoo initiate, representing the soul.

26. **pakèt kongo** small stuffed humanoid figure of cloth used as charm and in treatment of sick.

**pòtre** “pictures,” consisting mainly of lithographs representing various Catholic saints identified with certain Voodoo spirits.

28. **Iwa ki monte l** A Voodoo spirit is “mounting” or taking temporary possession of the mind and body of a believer. These Voodoo possessions, often quite frequent during a ceremony, are one of the most important facets of the religion.

42. **lizay** “proper etiquette,” “proper thing to do.” No collection is taken up at an authentic (i.e., not just staged for tourists) Voodoo service, but a tip is appropriate for the head drummer, the one playing the largest of the three drums. Some are in the habit of making a small donation as well to the Voodoo priest or priestess to help with the expenses of the service, which he or she alone has to bear.

47. Among the best of the many books on the fascinating subject of Haitian Voodoo are:

Alfred Métraux, *Voodoo in Haiti*. Trans. Hugo Charteris. New York: Schocken Books, 1972. Pp. 400. The standard work.

Maya Deren, *Divine Horsemen: The Voodoo Gods of Haiti*. New York: Dell Pub. Co., 1972. Pp. 350. A personalized account by an American Voodoo initiate.

Claude Planson and Jean-François Vannier, *Vaudou: Rituels et Possessions / Voodoo: Rituals and Possessions*. Paris: Pierre Horay, 1975. Pp. 79. Photographs, with accompanying text, which convey an excellent idea of a Voodoo ceremony.


51. **Gede** “*Guédés*,” small demon-like creatures, a staple of almost all folk religions.

## Koze Douz (12): Kèsyon


*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Kibò Jan ak Mari ye kounyeya?
2. Ki dans moun yo ap konmanse ti talè?
3. Ki kote Oblen mete yo chita?
4. Poukisa li ta vle yo chita la a?
5. Moun k ap fè desen an, kisa li ye?
6. Poukisa yo trase yon vèvè?
7. Mesye dam yo te aprann sa deja? Kibò?
8. Èske ou ka bay non twa tanbou yo?
9. Poukisa gen yon poto mitan nan yon peristil?
10. Ki koulè rad ounsi yo gen sou yo aswè a?
11. Èske chak moun nan seremoni a kenbe yon ason nan men li?
12. Di kisa ki genyen nan yon badji.
13. Lè yon lwa monte yon moun, kijan li fè?
14. Kisa ki genyen nan boutèy la?
15. Ou ta renmen wè yon sèvis vodou?
16. Ou ta pè?


M ale!



Agwe



Azaka



Bawon Samdi

## Koze Trèz (13): Kay Nasis

*Jan ak Mari chita bò tab kay Nasis; gen msye Nasis, manman Nasis, epi Masèl. Li inè edmi.*

**Manman Nasis:** Mwen kontan wè nou anpil. M te pase twazan konsa Ozetazini, e Ameriken yo te janti anpil ak mwen. Jòdi a mwen byen kontan resevwa nou lakay mwen. 5

**Jan:** Nou menm tou, madanm, nou byen kontan fè konesans ak yon vre fanmi ayisyen.

**Mari:** Manje sa a bon anpil, men nou pa konnen anyen sou manje ayisyen. Èske ou ta ka esplike nou kisa n ap manje la? 10

**Manman Nasis:** Ak plezi! Isit *Pòtoprens* nou gen twa lè\* nou manje. Le maten\* vè setè, li rele kolasyon oubyen dejnen. Lè sa a nou pa manje anpil: apre yon bon ti tas kafe ayisyen, nou konn desann\* de grenn\* bannann\* ak fwa di\* oubyen ze,\* epi enpe ji tou. Vè midi konsa se lè dine. Nou manje anpil: vyann, diri kole\* oubyen diri ak sòs pwa,\* bannann, legim, ji, kola\* eksetera. 15

**Mari:** E aswè,\* kisa nou manje, madanm? 20

**Manman Nasis:** Aswè, pou soupe nou pa manje anpil: pafwa se labouyi,\* bannann graje,\* oubyen fritay.

**Jan:** Sa k fritay la?

**Manman Nasis:** Se bannann peze,\* patat fri,\* griyo,\* marinad,\* akra.\* Genyen sa pou vann nan tout lari. 25

**Jan:** Se koulè nòmal diri a sa?

**Mari:** Men wi, Jan, se diri ayisyen, se koulè l sa.

paj swasant

**Manman Nasis:** Nou gen diri tout koulè ak tout kalite: 30  
diri blan, diri wouj, tout bagay. Men nou mete  
djondjon\* nan diri a, se sa k fè li koulè sa a, epi  
sa ba li yon lòt gou.

*Jan pran yon ti gout ji.*

**Jan:** Mmm! Ji a bon!! Se ji papay?\* 35

**Manman Nasis:** Non, se ji grenadin.\* Nou gen de pye  
dèyè kay la. Nou gen kèk pye papay, zoranj,  
chadèk\* nan lakou devan an tou.

*Yo fin manje.*

**Mari:** Mesye dam, mèsì anpil pou tout bon manje sa a, 40  
ak pou bon ji nou fèk ban nou an.

**Fanmi Nasis:** Mezanmi, nou merite sa.

**Mari ak Jan:** Mèsì anpil anpil. Nou espere nou ka wè  
yon lòt jou! Babay!



**Mmm! Ji a bon!!**

## Koze Trèz (13): Nòt

12. **lè** has two meanings: “when,” and “time” (as here). The majority of Haitians, of course, cannot afford to eat this well.
13. **Le maten** “in the mornings.” **le** indicates habitual action: **le dimanch** “on Sundays,” **le swa** “in the evenings.”
15. **desann** literally, “to descend,” i.e., “to put down,” “eat.”
16. **grenn** means a “grain,” “berry,” “seed,” or a single unit or piece of anything.  
Watch out! **bannann** means “plantain.” The term for “banana” is **fig (mi)**. (And the expression for “fig” is **fig frans!**)  
**fwa di** “liver.”  
Again a potential problem word! **ze** means “egg,” while **je** means “eye.”
18. **diri kole** short for **diri kole ak pwa**, “rice and beans” cooked together (a staple of the Haitian diet).  
**sòs pwa** “bean puree.”
19. **kola** is, for most non-Haitians, an incredibly sweet bottled Haitian soft drink.
20. **aswè** “in the evening”; **aswè a** “this evening.”
22. **labouyi** “hot cereal,” “oatmeal.”  
**bannann graje** “grated plantain.”
25. **bannann peze** literally, “pressed down plantain,” i.e., “plantain slices fried in oil.”  
**patat fri** “fried sweet potatoes.” (“Potato” is **ponmdetè**.)

## paj swasannde

25. **griyo** spicy fried pork cut in small sections (a Haitian favorite).
26. **marinad** “spicy fritter.”  
**akra** “malanga fritter.” The “malanga” is a variety of starchy taro root.
32. **djondjon** “mushroom” (usually small, dried and black).
35. **papay** “papaya” (large, yellow, melon-like fruit).
36. **grenadin** “granadilla” (variety of passion fruit).
38. **chadèk** “shaddock” (the smaller, sweeter variety of grapefruit found in Haiti).



*Se koulè nòm al diri a sa??*



## Koze Trèz (13): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Di ki kote Mari ak Jan chita: anba tab la? sou tab la? oubyen bò tab la?
2. Nou menm, lè nou lekòl, ki kote nou chita?
3. Konben tan madan Nasis te pase Ozetazini?
4. Kijan Ameriken te trete l'?
5. Ki moun ki mande esplikasyon sou manje a?
6. Nan fanmi boujwa yo, konben fwa yo manje pa jou?
7. Kijan yo rele chak repa sa yo?
8. Kisa yo bwè le maten?
9. Epi kisa yo manje le maten?
10. Ou kwè bagay yo manje yo sanble ak manje ameriken?
11. Èske ou ka di nou kèk bagay yo manje vè midi?
12. Kisa moun manje aswè?
13. Se nan kay sèlman ki gen fritay?
14. Kisa yo mete nan diri a ki ba l yon koulè espesyal?
15. Ki ji yo te sèvi nan dine kay Nasis la?
16. Ki pyebwa genyen nan lakou kay Nasis?

**N ale!**

## Koze Katòz (14): Nan Mache Fè a

*Lendi maten. Gran Ri, Pòtoprens. De jenn gason ayisyen.*

- Tijo:** Woy! Papa! Kote ou prale konsa?
- Dyedone:** M prale lavil. M ta vle bouske\* kèk touris.
- Tijo:** Sa ou fè ak yo lè ou jwenn yo? 5
- Dyedone:** Se gid touris m ye wi! Ou pa konn sa?
- Tijo:** Ou menm! Gid touris! Ou ap jwe, monchè! Ki kote ou mennen yo? Kisa ou konn montre yo? Ou pa menm konn pale angle!
- Dyedone:** Mwen menm! M pale yon ti angle, epi m espere 10 jwenn kèk touris ki konn pale kreyòl.
- Tijo:** Ou fou nèt, monchè. Pa gen touris menm menm menm\* ki konn pale kreyòl.
- Jan ak Mari ap pwonmennen sou Gran Ri.*
- Jan:** Eskize m. Èske ou ta ka di m ki kote *Mache Fè* 15 *a ye, souple?*
- Tijo:** Mezanmi! *Li chape poul li.\**
- Dyedone:** Pa gen pàn,\* msye. Si ou vle, m ka mennen nou la.
- Jan:** Avèk plezi. 20
- Dyedone:** E kisa nou ta vle achte jòdi a, mesye dam, piske m konnen kèk machann k ap vann la.
- Mari:** Nou ta renmen jwenn kèk bon panyen latanyen.\*
- Jan:** Epi kèk ti tonton an bwa.\* Ou konnen yon 25 eskiltè\* ki ka vann nou sa li menm menm\*?
- Dyedone:** Pa gen pwoblèm! M kab montre nou tou sa ak anpil lòt bagay an plis.

*Yo antre nan Mache Fè a.*

- Dyedone:** Sa se pi gran mache ki gen nan peyi a. Tout moun konnen li. 30
- Mari:** O! Gade jan gen anpil moun! Y ap vann tout bagay: legim, fwi, vyann, liv, rad, soulye, penti, tout melimelo\*!
- Dyedone:** Men wi, madanm—epi sa ou wè a, se poko anyen sa! 35
- Mari:** Pou konmanse, fòk mwen jwenn de pil\* pou ti radyo m lan.
- Jan:** Pou ti radyo ou? Ki radyo? Poukisa ou vini ak yon radyo isit la? 40
- Mari:** Monchè, pa gen yon pi bon pwofesè pase yon radyo. Konsa nou ka koute kreyòl chak jou nan chanm nou. Gen nouvèl, mizik, gen pwogram an kreyòl sou istwa Ayiti, sou peyi a, sou tout bagay. 45
- Dyedone:** Pa gen pwoblèm, madanm. Men yon machann ki vann bagay konsa.
- Mari:** Èske ou vann ti pil pou radyo?
- Asefi:** Men wi. Ki gwosè pil ou bezwen?
- Mari:** M gen vye pil yo nan bous mwen. Men yo. Ou gen de konsa? 50
- Asefi:** M kwè sa. Kite m gade. Se konsa?
- Mari:** Bon! E ki pri ou?
- Asefi:** Karant goud\* chak.
- Mari:** Se twò chè. Ban m toude pou swasant pyas.\* 55
- Asefi:** Non, madanm. Se katreven pyas pou toude. Se pri yo sa.
- Mari:** Oke . . . Men katreven pyas la.

## Koze Katòz (14): Nòt

4. **bouske** “to look for,” “seek out.”
13. **menm menm (menm)** repetition for emphasis.
17. **Li chape poul li** literally, “He escapes his chicken,” i.e., “He takes off,” “He clears out.”
18. **Pa gen pàn** literally, “There is no (mechanical) breakdown,” i.e., “No problem,” “Fine.”
23. **panyen latanyen** “palm-thatch baskets.”
25. **ti tonton an bwa** literally, “little uncles in wood,” i.e., “small carved wooden figures.”
26. **eskiltè** “sculptor,” or here, “woodcarver.” Note that many English and French words beginning with the sounds “sk-,” “sp-,” and “st-” take an initial “e-” in Haitian:
- |                  |             |               |                         |
|------------------|-------------|---------------|-------------------------|
| <b>eskèlèt</b>   | skeleton    | <b>espò</b>   | sport                   |
| <b>eskòpyon</b>  | scorpion    | <b>estat</b>  | to start ( <i>car</i> ) |
| <b>eskout</b>    | scout       | <b>estati</b> | statue                  |
| <b>espesyal</b>  | special     | <b>estèk</b>  | steak                   |
| <b>espidomèt</b> | speedometer | <b>estòp</b>  | stop                    |
34. **melimelo** “hodgepodge,” “assortment,” “odds and ends”; **tout melimelo!** “everything but the kitchen sink!”
37. **pil** (radio) “battery”; **batri** (car) “battery.”
54. The basic Haitian monetary unit is the gourde (**goud**), with its exchange rate fluctuating in relation to the U.S. dollar. In February 2007 the rate was approximately 40 gourdes to the U.S. dollar. N.B.: Haitians very often quote prices in what is called the (non-existent) “Haitian dollar” (**dola ayisyen**), defined as five gourdes.
55. **pyas** familiar expression for the gourde (**goud**).

## Koze Katòz (14): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Poukisa Dyedone ta vle ale lavil?
2. Ki travay Dyedone fè?
3. Poukisa Tijo derefize kwè Dyedone se yon gid touris?
4. Ou kwè gen anpil touris ki konn pale kreyòl?
5. Kibò Jan ak Mari ye kounyeya?
6. Kisa Jan mande Dyedone?
7. Poukisa Tijo sezi?
8. Se fig mi ak zaboka Jan ak Mari pral achte?
9. Kisa ou konnen sou Mache Fè a?
10. Kisa yo konn vann nan Mache Fè a?
11. Pou konmanse, ki bagay Mari ta vle achte?
12. Èske Jan te konnen Mari te vini an Ayiti ak yon radyo?
13. Poukisa Mari te pote radyo a?
14. Pou konben kòb Mari achte toude ti pil yo?
15. Konben sa fè an lajan ameriken?

Orevwa!

*Papa! Kote  
ou prale konsa?*



## Koze Kenz (15): Fè jis pri\*

*Mari, Jan ak Dyedone toujou nan Mache Fè a.*

**Bòs Atizan:** Mesye dam, vini ak mwen. M ka montre nou  
kèk bon estati an bwa. Se yon bòs\* atizan m ye.

**Jan:** Oke. Kisa ou gen ki fèt an kajou?\*

**Bòs:** O msye, gade! M gen bòl salad, asyèt, soukoup,\* 5  
pòt chandèl,\* tou sa nou ta bezwen.

**Mari:** Wi, men nou ta renmen tèt kèk grannèg nan istwa  
Ayiti an bwa. Sa a, konben ou vann sa?

**Bòs:** Ou gen bon gou, madanm. Se yon vrè trezò li ye.  
Se tèt *Tousen Louvèti*. M fè l mwen menm, m te 10  
pase anpil tan pou fè l.

**Jan:** Ak ki bwa li fèt? Ak bwadchenn?\* ak sèd?\*

**Bòs:** Non, msye. Se ak kajou li fèt.

**Mari:** E konben ou vann li?

**Bòs:** Li pa chè. M ka ban nou li pou mil sisan goud 15  
sèlman.

**Jan:** Se jwe ou ap jwe, monchè. Oubyen ou te bwè twòp  
klerin\* yè swa! Se yon etidyan mwen ye—m pa  
gen anpil kòb. Ki rabè\* ou kab fè pou mwen?

**Bòs:** E kisa ou kab ofri m? 20

**Jan:** Wisan goud. Se sèl la m ka rive.\*

**Bòs:** Wisan goud! Li pa posib. Mwen te pase prèske  
di jou pou m fè l. Epi m gen anpil timoun pou m  
bay manje lakay mwen.

**Jan:** Men ou pa konprann, monchè. Se pou vye grann 25  
mwen ki pa lwen mouri m ap achte l. Poukisa ou fè  
pri touris ak mwen? M pale kreyòl! Epi madanm  
mwen se Ayisyèn\* li ye.

- Bòs:** Madanm ou Ayisyèn? Non, monchè. Ayisyèn yo pa blanch\* konsa. 30
- Jan:** Se paske li mete twòp poud sou figi l maten an . . . Oke, m ba ou mil desan pyas.
- Bòs:** Msye, estati sa a bèl anpil. Mil desan pyas, se trant dola ameriken sèlman! Gade li byen. Men piske ou se etidyan, m ka ba ou li pou mil katsan pyas. 35
- Mari:** Oke. N ap pran l. Men mil desan goud. N ale apre sa.
- Bòs:** Madanm, li pa posibil.
- Jan:** Oke, dènye pri: mil twasan goud, ant vye zanmi. 40 Kenbe sa, epi kite nou pati.
- Bòs:** . . . Se pou m vlope\* l pou nou?
- Mari:** Non, non, se pa nesesè. Babay, msye.
- Jan:** (*Tousen Louvèti? Ki moun li ye?*)



Se paske li mete twòp poud!

## Koze Kenz (15): Nòt

**Fè jis pri** literally, “making just price,” i.e., “bargaining.” Marketplace bargaining could almost be called a Haitian rite, or at least a local sport. To fail to engage in it is to deprive the merchant (and oneself!) of a certain amount of fun. Otherwise the merchant is left with the empty feeling that (s)he should have asked for more. The rule of thumb of many veteran “Haiti hands” is to start at one-third or even one-fourth the initial asking price, but of course John and Mary don’t know this. For certain imported goods however, such as the radio batteries in Conversation 14, the asking price is indeed the only price.

3. **bòs** general title of respect for an artisan, very frequently used in Haitian; “master craftsman” is perhaps the nearest translation.
4. **kajou** “mahogany” (cf. French *acajou*).
5. **soukoup** “saucer.”
6. **pòt chandèl** “candlestick holder.”
12. **bwadchenn** “oak” (cf. French *bois de chêne*).  
**sèd** “cedar.”
18. **kleren** “raw rum,” the strong liquor of the common man, somewhat comparable to tequila in Mexico.
19. **rabè** “reduction” (in price), “discount.”
21. **Se sèl la m ka rive** literally, “It’s only there I can arrive,” i.e., “That’s as high as I can go.”



28. Note that Haitian does distinguish between masculine and feminine for certain terms:

**Ayisyen** Haitian male

**Ayisyèn** Haitian female

**Ameriken** American male

**Amerikèn** American female


30. **blan** white (color or person); foreigner (of any race)

**blanch** white (color); white woman

**malere** poor or destitute man

**malerèz** poor or destitute woman

42. **vlope** “to wrap up.”



E konben ou vann li?

## Koze Kenz (15): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Ki bòs ki pale ak Jan? Yon bòs tayè?
2. Ki kalite bagay an kajou bòs la genyen?
3. Kisa Mari ta vle achte nan men li?\*
4. Ki moun Touden te ye?
5. Se ak bwa mango tèt Touden an fèt?
6. Konben dola ameriken bòs la mande pou estati a?
7. Konben kòb Jan ofri l'?
8. Poukisa bòs la pa vle asepte pri sa a?
9. Selon sa Jan di, pou ki moun l' ap achte estati sa a?
10. Nan ki peyi Jan di madanm li sòti?
11. Se vre? Bòs la pran sa Jan di l' la?
12. Selon sa Jan di, poukisa madanm li blanch konsa?
13. Poukisa bòs la ta vle ba yo li pou mil katsan goud?
14. Konben kòb yo resi achte l'?
15. Konben dola ameriken sa fè?
16. Ki dènye kèsyon Jan poze? Ou ka reponn li?

**Babay!**

3. nan men li literally, “in his hands,” i.e., “from him.”

**Koze Sèz (16): Ann al wè tout bagay**

- Mari:** E kounyeya, kisa ou ka montre nou?
- Dyedone:** O madanm, gen anpil anpil bagay *Pòtoprens* pou nou wè. Gen *Palè Nasyonal, Channmas, Panteyon Nasyonal, Katedral, legliz Sent-Trinite, Mize Da Ayisyen*— epi pita fòk nou monte *Petyonvil* ak *Kenskòf*. 5
- Jan:** Dousman! Nou pa kapab fè twòp bagay an menm tan. Ki kote pou nou konmanse?
- Mari:** Ann al wè *Palè Nasyonal* ak *Channmas*.
- Dyedone:** Oke! N ap pran yon taksi. 10
- Jan:** Li chè?
- Dyedone:** Non, msye. Isit anpil moun kab monte ansanm nan yon sèl taksi, konsa li pa koute chè. Sa koute katòz goud pou chak moun. Pssst!  
*Yo monte nan yon taksi.* 15
- Dyedone:** Ou ka depoze nou devan *Palè Nasyonal*, souple.
- Jan:** Kijan ou te konnen se te yon taksi, piske li pa gen yon koulè espesyal?\*
- Dyedone:** Plak\* li make “taksi,” men riban wouj ki mare nan retwovizè\* a pi fasil pou wè.  
*Yo desann devan Palè Nasyonal.* 20
- Dyedone:** Sa se biwo prezidan an. Yo te bati l an diznèf san dizwit. Anfas li nou wè estati\* *Tousen Louvèti*. Se li menm ki te gran chèf *Revolisyon ayisyen* an. Se te yon nèg debyen ki te entelijan anpil, men Napoleyon te fè arete l epi mennen nan peyi Lafrans. Se la Franse yo kite l mouri anba frede.\* 25
- Mari:** E ki estati sa a ki lòt bò a, sa k gen lanbi\* a? 30

paj swasannkatòz

**Dyedone:** Sa se estati *Nèg Mawon*. Nan peyi lòt bò dlo,\* yo gen estati yo rele “Unknown Soldier.” Bò isit,\* nou gen estati pou esklav ki te pati al kache kò yo\* nan mòn nan tan lakoloni. Se nèg mawon yo ki te ede chase Franse pou ban\* nou libète. 35

**Jan:** Mezanmi! Li bèl anpil!

**Dyedone:** Epi ti kras pi lwen, gen estati *Anri Kristòf* sou chwal li.

**Mari:** Wa Ayiti ki bati *Sitadèl*, pa vre?

**Dyedone:** Se sa menm.\* Petèt pita mwen ka mennen nou 40 Okap pou n al wè palè *Sansousi* ak *Sitadèl*.

**Jan:** Petèt, men kounyeya li cho, papa—e mwen swaf! Ou ka mennen n *lotèl Olofsonn*? Mwen anvì yon sèl bagay: yon gwo vè wonm ponch ak anpil moso glas!



## Koze Sèz (16): Nòt

19. **espesyal** “special.” See Conversation 14, Note 26.
20. **plak** “license plate.”
21. **retwovizè** “rearview mirror.”
24. **estati** “statue.” See Conversation 14, Note 26.
28. **anba fred** literally, “under cold.” i.e., “from the cold.”
30. **lanbi** “conch (pronounced ‘konk’) shell.” With a tip broken off one end, it was first used as a rudimentary trumpet by the slaves in pre-Revolutionary days to communicate with each other. Its low, weird, mournful sound is not one to be forgotten.
31. **lòt bò dlo** literally, “(on the) other side (of the) water,” i.e., “foreign.” Cf. Conversation 9, line 4.
32. **Bò isit** literally, “Near here,” i.e., “Around here.” Cf. Conversation 1, line 17.
33. **kache kò yo** literally, “to hide their bodies,” i.e., “to hide (themselves).” There are three ways of expressing the reflexive in Haitian: (1) by **kò** (“body”) plus the appropriate pronoun (**Li te kache kò li** “He hid himself”); (2) by **tèt** (“head”) plus the appropriate pronoun (**Li te touye tèt li** “He killed himself”); (3) by repeating the pronoun (**Ou fatigue ou twòp** “You tire yourself too much”).
35. **ban** “to give.” **bay** (“to give”) is the only irregular verb in Haitian. When followed by **ou**, **l(i)** or **yo**, it takes the form **ba**. (**M ba ou di goud.**) When followed by **m(wen)** or **n(ou)**, it takes the form **ban**. (**Ban m di goud.**) When not followed directly by a pronoun, it takes the form **bay**. (**M pa vle bay di goud!**)
40. **Se sa menm** “It’s exactly that.”

## Koze Sèz (16): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Èske ou ka nonmen kèk kote enteresan moun ka vizite nan Pòtoprens?
2. Ki de vil ki pa lwen Pòtoprens Dyedone ta vle montre Jan ak Mari pita?
3. Ki kote yo deside al wè pou konmanse?
4. Kisa yo fè pou al wè Palè Nasyonal?
5. Konben yo dwe peye taksi a?
6. Kijan moun ka rekonnèt yon taksi nan Pòtoprens?
7. Ki lane yo te bati Palè Nasyonal?
8. Estati ki moun ki anfas Palè Nasyonal?
9. Ki moun li te ye?
10. Kote li te mouri?
11. Poukisa?
12. Ki lòt estati yo wè bò Palè Nasyonal?
13. Ki enpòtans nèg mawon yo te gen nan istwa Ayiti?
14. Kisa ki pi lwen apre estati Nèg Mawon an?
15. Ki moun Anri Kristòf te ye?
16. Gen de gran bagay li te bati. Kijan yo rele?
17. Ki kote yo ye?
18. Men, ki sèl bagay Jan vle kounyeya menm?

**M ale!**

## Koze Disèt (17): Ann al Okap!

*Kèk jou pita. Jan ak Mari te gentan\* vizite anpil kote Pòtoprens, Petyonvil ak Kenskòf.*

**Jan:** Cheri, reveye ou! Souke kò ou!\* Mwen fèk\* lwe yon machin! Konsa nou ka pati touswit al *Okap.* 5

**Mari:** Ak Dyedone? Ou kwè nou bezwen yon gid si n ap sòti *Pòtoprens* nan yon machin pa nou?

**Jan:** Non, ti chouboulout\* mwen. Nou te deja pase anpil tan isit ak lòt moun. Pa bliye non, se nan vwayaj nòs nou ye. M ta vle pase yon bon tan\* 10 sèl ak ou.

**Mari:** O Jan cheri, m renmen ou! Ou se yon nèg san parèy!

◆ ◆ ◆

*Pita: yo nan machin sou Wout Nasyonal Nimewo En ki mennen Okap.* 15

**Mari:** Oooo! Gade yon mèvèy! Ou kwè sa m wè a se vre? Tout bagay bèl bèl. Lanmè a si ble, gen bèl flè, gwo pye kokoye, bèl pye palmis.\* Epi toupatou se bèl plaj. Ou kwè nou ta ka fè yon ti estòp\* pou al benyen? 20

**Jan:** Se yon bon lide! Ou pa bliye chòt deben nou yo?

**Mari:** Men non, monchè. O! M wè yon bèl lotèl. M kwè li rele *Moulen sou Lanmè*. Petèt nou ta ka manje yon ti kras, nou ta pran yon bon ti vè wonm, apre sa nou ta ka benyen nan dlo sou plaj la. 25

◆ ◆ ◆

paj swasanndizwit

*Kèk tan pita.*

**Jan:** Ala yon bon lide ou te genyen, Mari! Mwen kontan anpil nou te rete la. Men kounyeya li twazè edmi. 30

**Mari:** Ou kwè nou ka rive jouk *Okap* aswè a, chouboulout mwen?

**Jan:** Pa gen pàn.\* Yo te di m fòk nou mete omwens senkèdtan konsa sòti *Pòtoprens* rive jouk *Okap*. Men, èske nou prese? Poukisa nou vini an Ayiti? Se pou wè peyi a, pa vre? Alò, ann rete *Gonayiv*, epi denmen maten nou ka rive *Okap* san pwoblèm. Yo te di m gen yon ti lotèl *Gonayiv* ki rele “*Chez Frantz*.” 35

**Mari:** O Jan, ou toujou gen bon lide! Mwen kontan mwen te marye ak ou! 40



*Senkè. Yo rive Gonayiv “Chez Frantz.”*


**Mari:** Jan, ou sonje. *Gonayiv* enpòtan anpil nan istwa Ayiti. Se isit menm an mil wisan kat *Desalin* te deklare Ayiti endepandan, apre yo te fin chase tout sòlda franse. Se sèl revolisyon esklav nan istwa lemonn ki te resi. Apre *Ozetazini*, Ayiti se premye peyi nan Amerik ki te vin endepandan. Èske ou vle al gade gran moniman yo te bati nan mitan vil *Gonayiv*, kote menm *Desalin* te deklare lendepandans lan? 50

**Jan:** Men wi, cheri! Ann al wè l!



## Koze Disèt (17): Nòt

1. **gentan** “already.” Also **gen tan** “to have time.”
3. **Souke kò ou!** literally, “Shake your body!” i.e., “Get moving!”  
**fèk** “to have just” (done something). Don’t forget this important idiom! (Cf. Conversation 6, line 6.)
8. **chouboulout** “honey,” “darling.”
10. **pase yon bon tan** “to have a good time.”  
♦ ♦ ♦
18. **pye palmis** “royal palm trees.” (Cf. Conversation 10, Note 18.)
19. **estòp** “stop.” (See Conversation 14, Note 26.)  
♦ ♦ ♦
33. **Pa gen pàn** see Conversation 14, Note 18.



Oooo! Gade yon mèvèy!

paj katreven

## Koze Disèt (17): Kèsyon

*Chache reponn ak yon fraz konplèt:*

1. Lè Jan reveye Mari, kisa li te fèk fè?
2. Èske yo anvi mennen Dyedone ak yo?
3. Poukisa?



4. Selon Mari, ki bagay ki bèl piplis?
5. Pita: kisa Mari vle yo fè kounyeya?
6. Ki rad yo bezwen si yo vle al benyen nan lanmè?
7. Kisa yo ta vle al fè nan lotèl Moulen sou Lanmè?



8. Akilè yo kite lotèl sa a?
9. Èske yo ta ka rive Okap swa sa a?
10. Konben tan moun konn mete nan machin pou sòti Pòtoprens pou rive Okap - si yo pa rete pran yon ti repo?
11. Kibò yo deside rete?



12. Ki lane Ayiti te vin yon peyi endepandan?
13. Kibò yo te deklare lendepandans lan?
14. Epi ki moun ki te chèf Ayiti lè sa a?
15. Sòlda ki peyi Ayisyen te chase nan tan sa a?
16. Yo gen dwa di Revolisyon ayisyen an pa menm jan ak okenn lòt revolisyon. Poukisa?
17. Ki premye peyi an Amerik ki te vin endepandan?
18. Ki dezyèm peyi an Amerik ki te vin endepandan?

N a wè!

## Koze Dizwit (18): Sitadèl

*Yon swa pita. Y ap soupe nan bèl salamanje lotèl  
Wa Kristòf, Okap.*

**Mari:** Ala yon bèl vil, monchè, epi ala yon bèl lotèl! M renmen kay ki ansyen konsa! Epi li gen yon bèl pisin modèn! Tou sa fè m sonje tan lakoloni. Petèt se paske gen anpil ansyen chanmòt\* ki gen bèl balkon. 5

**Jan:** Fòk nou deside kounyeya akilè pou n al vizite *Sitadèl*.

**Mari:** O, m te gentan mande manadjè a: se pou nou pati denmen maten bonè, vè setè edmi, si nou vle wè tout bagey anvan solèy la twò cho. N ap kondi rive jouk *Milo*, ki pa lwen isit la. Lè sa a nou ka vizite *Sansousi*, gwo palè wa *Anri Kristòf*. 10

**Jan:** O! M espere nou ka dine nan yon bon restoran la. 15

**Mari:** Se jwe ou ap jwe,\* monchè! Gen plis pase san senkant nan depi te gen yon gran tranblemanntè\* ki te prèske mete l atè\* nèt. Men nan liv gid, yo di moun gen dwa toujou vizite gwo chapèl la, gran eskalye yo, epi tout chanm ki anba. 20

◆ ◆ ◆

*Yo fèk vizite palè Sansousi. Kounyeya y ap monte jouk Sitadèl ak gid yo ki rele Elifèt.*


**Jan:** Mari, èske ou te sonje pote kodak la?

**Mari:** Men wi, monchè! Ou sonje: m te fè senk sis foto lè nou te *Sansousi*. M ap pran youn isit la tou. 25

**Jan:** Pa gen pàn!

*Se monte y ap redi monte.\* Anfen yo rive Sitadèl.*

**Toude:** Oooo! Li gwo, papa! Ala bèl li bèl!



Li gwo, papa!  
Ala bèl li bèl!

**Jan:** M pa t panse li te gwo konsa non! M pa kab kwè sa. 30

**Mari:** Men wi. Nan liv gid, yo di se pi gran moniman ki genyen an Amerik.

**Jan:** Men, ki moun ki te bati l? Ki laj li genyen?

**Elifèt:** Se wa *Anri Kristòf* ki te fè bati l,\* mesye dam. Nou pa konnen konben moun ki te travay pou fè l, epi nou p ap janm konnen konben moun ki te mouri lè yo t ap konstwi l. Monte tout gwo gwo wòch ak kanno\* jouk sou tèt yon gwo mòn konsa pa fasil menm menm menm. Yo te bati l pou defann tèt yo\* si yon jou Franse yo ta tounen nan peyi a. Yo te mete sèzan konsa pou yo bati l. Epi, apre *Anri Kristòf* te touye tèt li\* ak yon bal an ajan\* nan lane dizwit san ven, se isit la menm yo te tere l. 40

**Toude:** Mezanmi! 45



*Yo fin vizite Sitadèl, epi kounyeya y ap desann jouk Milo.*

**Jan:** Mari, konben foto ou te pran?

**Mari:** M pa konnen non. Petèt kenz oubyen ven konsa.

**Jan:** Men ou te pran senk sis deja lè nou te anba nan *Sansousi*. 50

**Mari:** Se vre. Kite m gade. O! o! o! . . . Chouboulout mwen, gen yon ti pwoblèm tou piti.

**Jan:** Kisa? Kisa ki genyen?\*

**Mari:** Ti cheri mwen, m pa vle di ou, men . . . men . . . m te bliye mete fim nan kodak la. 55

## Koze Dizwit (18): Nòt

6. **chanmòt** “two-story house.”
17. **Se jwe ou ap jwe** literally, “It is playing you are playing,” i.e., “You must be kidding.”
18. **tranblemanntè** literally, “trembling of earth,” i.e., “earthquake.”
19. **mete l atè** literally, “put it on ground,” i.e., “knocked it down.”



28. **Se monte y ap redi monte** literally, “It is to go up they are struggling to go up,” i.e., “They have a good long hard climb.”
35. **ki te fè bati l** “who had it built.” Note the position of the pronoun **l**. **Fè + verb** is used to mean “to have someone do something.”
39. **kanno** “cannon.”
40. **defann tèt yo** “to defend themselves.” (See use of reflexive, Conversation 16, Note 33.)
43. **te touye tèt li** “killed himself,” “committed suicide.”  
Another reflexive!  
**ajan** “silver.” (“money” is **lajan**, or **kòb**.)



54. **Kisa ki genyen?** “What’s wrong?”

## Koze Dizwit (18): Kèsyon

